



Fè yon Byopsi Nan Ren San Danje

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Kisa yon byopsi nan ren ye?

Yon byopsi nan ren se yon pwosedi kote yo pran kèk ti moso tisi nan ren an ak yon zegwi ki fen anpil. Yo egzamine tisi a anba yon mikwoskòp pou jwenn lakòz ak gravite maladi ren.

Kisa ki pase pandan yon byopsi nan ren?

Pandan yon byopsi nan ren, moun kap bay pitit ou a swen an pral konekte li ak kèk ekran pou mezire respirasyon li, batman kè li, ak tansyon li. Pitit ou a pral kouche sou vant li pandan pwosedi a pou moun kap bay swen sante a ka fasilman jwenn aksè nan ren yo. Yo pral bay pitit ou a medikaman pou fè li dòmi. Yon fwa li dòmi, moun kap bay pitit ou a swen an ka mete yon tib nan bouch li ak nan gòj li pou ede li respire epi pwoteje poumon li yo. Yo pral fè yon ti koupe nan po a toupren pati anba do pitit ou a. Yo pral fòre yon ti zegwi tou piti kote yo koupe a pou retire kèk moso tisi nan ren an. Apre sa, yo pral mete yon ti pansman sou kote yo fè byopsi a.

Èske byopsi nan ren fè mal?

Pitit ou a pa pral santi okenn doulè oswa sonje pwosedi byopsi a paske li pral dòmi. Apre pwosedi a, pitit ou a ka gen kèk malèz poutèt tib respirasyon an oswa medikaman yo, men ekip swen li a ka ba li lòt medikaman pou ede li.

Èske w ka rete ak pitit ou a pandan pwosedi a?

Non, pwosedi a fèt nan yon chanm pwosedi netwaye espesyalman pou ede anpeche enfeksyon. Ou ka rete ak pitit ou anvan ak apre pwosedi a nan espas swen anvan ak apre pwosedi yo.

Kisa w ka fè pou prepare pou pwosedi sa a?

Di moun kap bay pitit ou a swen an tout medikaman pitit ou a ap pran epi mande si yo ta dwe sispann nenpòt medikaman pou pwosedi a. Pitit ou a pa ta dwe manje oswa bwè anyen pandan 4 èdtan anvan pwosedi a, eksepte pou ti gòje dlo.

Kisa ou ta dwe atann apre pwosedi a?

Apre pwosedi a, pitit ou a pral ale nan yon inite rekipasyon kote ekip swen li a ka kontwòle li ak anpil atansyon. Yon fwa pitit ou a byen reveye, li pral kapab manje epi bwè. Apre byopsi a, pitit ou a dwe rete nan kabann pou 6 èdtan pou ede mete presyon sou kote yo fè byopsi a epi anpeche san koule (yo pral bay yon vaz pou bezwen twalèt). Apre pwosedi a, yo pral fè yon tès san epi si pitit ou a santi l byen epi tès san an nòmal, li pral kapab ale lakay li.

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan pwosedi pitit ou a, fè ekip swen li a konnen.